



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 6/7/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE \$16.3 MILYON NAN AMELYORASYON  
ENFRASTRIKTI RAY NAN TOUT ETA**

***Sibvansyon yo pral reyabilite 3 pon chemendefè ak plis pase 83 kilomèt pis ray  
ansanm avèk etablisman yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse \$16.3 milyon nan pwojè amelyorasyon pou finanse ray ak pò nan Eta New York. Sibvansyon sa yo, ki soti nan Pwogram Asistans Ray Freight Pasaje Gouvènè a, pral sipòte pwojè kap ranfòse enfrastrikti nan mouvman machandiz toupatou nan eta, ansanm avèk devlopman sipò ekonomik nan ogmante \$12.8 milyon adisyonèl nan investisman piblik ak prive.

“Kontinye investi nan epi ranfòse enfrastrikti nou an enpòtan nan avni pwosperite ekonomik Eta,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Sibvansyon sa yo pral ede modènize epi rebati enfrastrikti ray aje nou yo nan eta, sa ki pral non sèlman sipòte aktivite komèsyal ki egziste deja, men atire nouvo biznis egalman.”

Eta New York te bay \$16.3 milyon pou douz aplikan, grasa yon pwosesis demann konpetitif. Investisman sa yo pral sipòte reyabilitasyon ray, kapasite ekspansyon, reparasyon pon chemendefè ak opòtinite devlopman ekonomik. Yon lòt \$12,8 milyon nan finansman prive ak lokal te ogmante grasa inisyativ sa a.

**Depatman Transpòtasyon Eta New York Matthew J. Driscoll te deklare,** “Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, New York ap kontinye fè investisman entelijan ak stratejik nan ray ak enfrastrikti pò pou ranfòse kwasans ekonomik. Mouvman kago machandiz ap ede kondwi ekonomi an nan etablisman ray ak pò yo nan eta pral ranfòse konpetitivite anjeneral Eta nou an.”

Lis benefisyè sibvansyon ak prim yo se sa ki annaprè yo:

Capital Region

- CSX Transportation, Konte Albany - \$3.5 milyon pou ajoute 5.4 kilomèt siyal pis prensipal ak anbranchman.
- Batten Kill Railroad Company, Inc., Konte Washington - \$1.3 milyon pou reyabilite liy ray ki egziste deja.

Finger Lakes

- Depew, Lancaster & Western Railroad Co. Batavia, Konte Genesee, te resevwa \$930,120 pou konstwi yon ekstansyon nan depo ki egziste deja.
- Livonia, Avon ak Lakeville Railroad Corporation Lakeville, Konte Monroe - te resevwa \$750,000 pou ranplase pon chemendefè Rivyè Genesee.

#### Mohawk Valley

- Mohawk, Adirondack and Northern Railroad Corp. of Batavia, Konte Oneida - te resevwa \$895,200 pou renove ak reyabilite Pis Endistriyèl Rome.

#### Vil New York

- Chemendefè Long Island, Konte Queens, te resevwa \$1.8 milyon pou reyabilite Pon chemendefè Ave 89yèm Ave.

#### North Country

- Pon Ogdensburg ak Port Authority, Konte St Lawrence - \$1.1 milyon pou reyabilite Pon Rivyè New York ak Ogdensburg Railway Raquette.

#### Southern Tier

- New York, Susquehanna ak Western Railway Corp., Konte Broome - \$1.4 milyon pou konstriksyon yon tèminal ray modèn nan Binghamton.
- Konte Tioga Ajans Devlopman Endistriyèl, Konte Tioga - \$295,200 pou elaji kapasite pou yon etablisman transbòdman kamyon ray ki te kosntwi nan Waverly Trade Center.

#### Lwès New York

- Chautauqua, Cattaraugus, Allegany ak Otorite Chemendefè Ekstansyon Steuben South Tier, Konte Cattaraugus ak Chautauqua - \$1.6 milyon pou enstale ak repare senk strikti pon anbeton.
- Konte Erie Ajans Devlopman Endistriyèl, Konte Erie - \$2.0 milyon pou achèvmman ranplasman yon twonson ak pwojè balas pou renove lis prensipal ki konekte biznis yo.
- New York & Lake Erie Railroad, Inc., Konte Cattaraugus ak Chautauqua - te resevwa \$732,768 pou reyabiiltasyon liy ray ant South Dayton ak Cherry Creek.

Pwogram Asistans Kago Ray Pasaje bay investisman eta amelyore ak renove mouvman machandiz kago epi sipòte devlopman ekonomik nan tout eta. Pwogram finansman an sipòte reyabilitasyon ray ak pon pou amelyore fyabilite; ekspansyon kapasite pis pou soulaje obstak; ak modènizasyon ansanm avèk ekspansyon lakou tren ak etablisman nan pò yo.

###

Nouvèl anplis disponib nan sit entènèt [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
 Eta New York| Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418